



THE STATE EDUCATION DEPARTMENT / THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK / ALBANY, NY  
12234

OFFICE OF P-12 EDUCATION: Office of Special Education  
ASSISTANT COMMISSIONER  
Room 301M EB, 89 Washington Avenue • Albany, NY 12234  
[www.p12.nysed.gov/specialed/](http://www.p12.nysed.gov/specialed/)

Telephone (518) 402-3353  
Fax: (518) 402-3534

Jen 2014

## AVÈTISMAN KONSÈNAN ANSÈYMAN ESPESYAL

Pou: Paron Elèv ki Gen Andikap yo

Moun ki Voye Lèt la: James P. DeLorenzo

SIJÈ: Enstriksyon sou Pwogram Akademik lan pou Nòm Aprantisaj Debaz Komen yo

Anpil paran t ap poze kesyon sou fason Eta New York adopte Nòm Aprantisaj Debaz Komen yo pral afekte timoun ki gen andikap yo. Kèk nan kesyon paran yo poze montre yo pa twò byen konprann kisa nòm yo ye; kèk nan lòt kesyon paran yo te poze montre yo gen enkyetid sou fason pitit yo ap debaz avèk nòm sa yo; epi lòt kesyon paran yo te poze yo montre enkyetid yo sou fason lekòl yo ap bay sipò ki nesèsè pou pitit yo.

Toudabò, li enpòtan pou nou gen gwo atant pou sa timoun ki gen andikap yo kapab aprann. Avèk gwo atant sa yo pou elèv yo, nou dwe gen gwo atant tou pou ansèyman avèk posiblite, sipò, sèvis ak enstriksyon apwopriye yo bay elèv ki gen andikap yo. Kèlkeswa anviwònman kote pitit ou ap resevwa enstriksyon an (pa egzanp, salklas lekòl leta regilye, klas espesyal, lekòl prive ki apwouve, Komite pou Sèvis Ansèyman nan Kolaborasyon), pitit ou fèt pou ap resevwa enstriksyon an nan pwogram akademik ansèyman jeneral nan nòm aprantisaj Eta a. Pwogram akademik ansèyman jeneral vle di menm pwogram akademik yo anseye pou tout elèv yo.

Se yon dwa enpòtan elèv ki gen andikap yo genyen pou yo pou non sèlman resevwa ansèyman an nan menm matyè a (pwogram akademik ansèyman jeneral) ak lòt elèv yo, men tou pou yo resevwa sipò ak sèvis apwopriye ki baze sou bezwen endividyèl yo yon fason pou yo kapab vin gen konesans ak ladrès nan sa y ap anseye yo epitou yon fason pou yo montre sa yo aprann nan. Lwa federal egzije pou chak timoun ki gen andikap gen yon pwogram ansèyman endividyèl (IEP) ki idantifye objektif anyèl yo (ansanm ak objektif akademik ak objektif fonksyonèl), ki la pou satisfè bezwen timoun nan genyen akòz andikap li pou pèmèt timoun nan patisipe epi fè pwogrè nan pwogram akademik ansèyman jeneral.

Gen nouvo rigè nan nòm aprantisaj yo pou elèv Eta New York yo. Sa vle di, pou tout elèv yo, yo mande pwofesè yo pou anseye epi yo mande elèv yo pou aprann panse kritik nivo siperyè. Pou elèv ki gen andikap yo kapab satisfè nòm akademik siperyè sa yo epitou pou yo kapab montre konesans yo ak ladrès yo, enstriksyon an dwe mete sipò ak aranjman apwopriye. Komite pou Ansèyman Espesyal [Committee on Special Education (CSE)], administratè lekòl la ak pwofesè pitit ou, yo chak gen yon wòl enpòtan pou ede pitit reyalize nòm sa yo epitou yo gen obligasyon pou:

1. devlope epi aplike yon IEP ki gen ladan objektif anyèl yo ki baze sou enfòmasyon sou pwen fò, bezwen ak nivo pèfòmans pitit ou nan moman an epi ki annamoni avèk li epi ki chwazi pou fasilite pitit ou satisfè nòm akademik ki nan nivo klas li;
2. bay sipò ak sèvis asosye nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an pou satisfè bezwen pitit ou epitou pou ede pitit ou gen siksè nan pwogram akademik ansèyman jeneral pou satisfè nòm nivo klas la; epi
3. asire pwofesè pitit ou, ansanm ak pwofesè ansèyman jeneral la ak pèsònèl sipò li byen konnen pwogram akademik lekòl la ap itilize pou aplike nouvo nòm yo, epitou asire yo ak kalifye ak prepare pou bay enstriksyon ak sèvis sipò kalite siperyè, ki baze sou prèv, epi ki adapte pou pitit ou.

Lè nou travay avèk Komite Konsiltasyon Manm Komisyon Eta a pou Sèvis Ansèyman Espesyal (ki gen ladan pifò paran timoun ki gen andikap yo) epi avèk Sant Paran pou Ansèyman Espesyal Eta a, nou te devlope resous ki te la pou ede ou ak lòt paran timoun ki gen andikap pou nou te kapab pi byen konprann Nòm Aprantisaj Debaz Komen yo ak fason IEP ta dwe gen ladan rekòmandasyon pou sipòte pitit ou pou li fè pwogrè nan nòm sa yo. Answit, resous sa yo te la pou ankouraje gwo egzijans pou fason pwofesè yo bay enstriksyon an pou pitit ou ak fason yo kontwòle pwogrè pitit ou fè nan nòm sa yo. Men kèk nan resous yo:

- Resous ki ka ede ou konprann Nòm Aprantisaj Debaz Komen yo (Dokiman Siplèmantè 1);
- Definisyon tèm ki ka nouvo pou ou (Dokiman Siplèmantè 2);
- Kesyon pou poze nan reyinyon CSE pou fasilite yo konsidere objektif ak sipò pou pitit ou ki gen pou wè dirèkteman ak satisfaksyon nòm sa yo (Dokiman Siplèmantè 3); epi
- Kesyon ou ka vle poze pwofesè pitit ou (Dokiman Siplèmantè 4).

Nou swete resous sa yo ap itil ou epi bay anpil enfòmasyon pou ou, epitou n ap travay pou kontinye ogmante resous sa yo epi pou bay enfòmasyon reyonon pou ou. Tanpri kontakte Sant Paran Ansèyman Espesyal ki toupre ou (ale sou sitwèb <http://www.p12.nysed.gov/specialed/techassist/parentcenters.htm>) pou jwenn lòt enfòmasyon. Si biwo nou kapab ede ou nan pwosesis sa a, tanpri ou mèt rele nou nan nimewo (518) 473-2878 oswa ou mèt rele Biwo Asirans Kalite Ansèyman Espesyal ki pi pre ou (ale sou sitwèb <http://www.p12.nysed.gov/specialed/quality/regassoc.htm>).

Dokiman Siplèmantè yo

## KISA NÒM APRANTISAJ DEBAZ KOMEN YO YE?

Nòm Aprantisaj Debaz Komen se nòm yo mande tout elèv pou yo satisfè. Parapò avèk nòm aprantisaj Eta New York anvan, yo pi sevè nan matyè akademik yo, yo mwens nan kantite, men yo pou pwofon nan entèpretasyon. Yo la pou:

- ede elèv yo vin gen konesans ak ladrès yo bezwen pou panse ak travay nan yon nivo ki pi afon;
- kreye posiblite pou tout elèv yo vin maton nan lekti, redaksyon, konpetans pou pale, konpetans pou koute, langaj ak matematik;
- sipòte elèv yo pou panse sou plan kritik konsènan sa yo li ak matematik yo fè a;
- pèmèt pwofesè yo ak elèv yo konsantre pi afon sou mwens konsèp kritik nan matematik;
- devlope konpetans elèv yo pou aplike sa yo aprann nan reyalyte a; epi
- asire tout elèv yo kapab kominike bon lide ak rezonman nan redaksyon epi reyaji avèk fòs nan sa yo li a

Eta New York mete anplas Nòm Aprantisaj Debaz Komen nan twa (3) domèn:

1. Fondasyon Klas Pre-Matènèl pou Nòm Komen
2. Lang ak Literati Anglè [English language arts(ELA)]/Konpetans pou Li ak Ekri
3. Matematik

## KI KOTE MWEN KAPAB JWENN PLIS ENFÒMASYON?

Gen anpil resous ki disponib pou paran yo sou sitwèb <http://www.EngageNY.org>. Pou oumenm ki gen aksè nan entènèt, nou ankouraje ou pou ale sou sitwèb la, epi sitou pou gade paj nou kreye pou paran yo. Anba la a se kèk nan sa ou ka vle gen aksè ladan.

**Videyo pou Paran yo ak Fanmi yo sou Evalyasyon Debaz Komen yo** - Videyo sa a konsène Nòm Aprantisaj Debaz Komen ak evalyasyon Eta a pou klas 3yèm-8yèm ane nan ELA ak matematik.

<http://www.engageny.org/resource/video-for-parents-and-families-about-the-common-core-assessments>

**Entèpretasyon Rapò pou Paran yo sou Egzamen ELA ak Matematik pou Klas 3yèm-8yèm ane**

<http://www.engageny.org/resource/parent-resources-grades-3-8-ela-mathematics-tests>

**Tiliv ki bay anpil enfòmasyon yo devlope nan Asosyasyon Nasyonal Pwofesè-Paran [National Parent Teacher Association (PTA)]**

[http://pta.org/files/Common%20Core%20State%20Standards%20Resources/2013%20Guide%20Bundle\\_082213.pdf](http://pta.org/files/Common%20Core%20State%20Standards%20Resources/2013%20Guide%20Bundle_082213.pdf)

### DEFINISYON TÈM YO

*Lè nou travay avèk Sant Paran pou Ansèyman Espesyal, nou idantifye tèm enpòtan ou ta dwe vin abitye ou avèk yo. Tèm sa yo ka itil ou pandan ou nan dyalòg avèk pwofesè yo ak Komite pou Ansèyman Espesyal yo pou asire pitit ou resevwa sipò ak sèvis apwopriye pou ede li satisfè menm nòm aprantisaj yo avèk lòt elèv yo. Menmsi gen kèk diferans, anpil nan tèm sa yo gen menm definisyon (pa egzanp, scaffolds ak differentiated instruction); pou lòt yo, ou ta dwe remake kijan yo diferan (pa egzanp, accommodations ak modifications).*

**Accommodations/Adaptasyon** vle di chanjman nan enstriksyon an ak evalyasyon ki pèmèt yon elèv vin gen aksè nan kontni epi/oswa pou fè devwa yo ba li yo. Adaptasyon yo pèmèt elèv ki gen andikap yo kontinye nan menm kou etid la avèk lòt elèv yo. Kèk nan egzanp adaptasyon se, men pa sa sèlman, nòt/gran liy pwofesè a bay, tan sipleman pou fini devwa yo, itilizasyon yon òdinatè pou fè devwa yo, yon elèv ki pran nòt pou kamarad klas, itilizasyon papyè ki gen liy pi laj pou fè devwa ekri, tèks ki make, ak itilizasyon korektè. Tèm 'accommodation' (adaptasyon) ak 'modification' (modifikasyon) diferan anpil (gade definisyon yo anba la a). Adaptasyon yo detèmine ki nesèsè baze sou bezwen timoun nan apa akòz andikap li ak 'nivo teren jwèt la pou elèv yo' (pa egzanp, bay yo yon posiblite egalego). Adaptasyon yo ka chanje "fason" yon elèv aprann, men yo pa redui egzijans aprantisaj la ni yo pa chanje "sa" elèv la pral aprann. Men, modifikasyon yo chanje "sa" elèv la aprann nan ak kontni pwogram akademik ki espesyal pou klas la, sa ki redui egzijans aprantisaj la.

**Curriculum modules/Modil pwogram akademik** se materyèl ak leson akademik yo devlope pou chak nivo klas. Modil pwogram akademik lan gen ladan dokiman objektif yo ak sekans pou ane a; enfòmasyon ki ankadre oswa ki bay yon apèsi materyèl yo dwe anseye a, travay pefòmans (sa y ap mande elèv yo pou fè nan mitan ak fen chak modil); plan leson ak materyèl sipò (travay nan klas, devwa lakay, elatriye). Ou kapab jwenn enfòmasyon sou modil pwogram akademik Eta New York devlope pou itilizasyon ki pa obligatwa sou sitwèb <http://www.engageny.org/common-core-curriculum>.

**Differentiated instruction/Enstriksyon distenge** vle di fason pwofesè yo itilize anpil kalite estrateji enstriksyon epi òganize anviwònman aprantisaj la pou abòde anpil kalite mòd aprantisaj, ak konpetans yo jwenn pami elèv yo nan klas la.

**Explicit instruction/Ansèyman ki gen presizyon** se yon mòd ansèyman espesyal ki baze sou rechèch yo montre ki efikas anpil pou elèv ki gen andikap yo. Nan ansèyman ki gen presizyon an, pwofesè a òdone fason l ap anseye a lè li (1) fikse objektif pou aprantisaj la; (2) di elèv yo sa pou yo fè; (3) montre elèv yo kijan pou yo fè li; epi (4) bay elèv yo posiblite pou fè pratik jouk lè yo kapab vin endepandan.

**Instructional shifts/Varyasyon nan ansèyman** vle di chanjman ki nan Nòm Aprantisaj Debaz Komen yo konsènan fason ak kisa y ap anseye elèv yo. Pa egzanp, yon 'varyasyon' nan Lang ak Literati Anglè se pou bay elèv yo plis posiblite pou li tèks non-fiksyon (pa egzanp, tèks ki baze sou vrè evènman tankou otobyografi). Yon 'varyasyon' nan matematik se pou anseye elèv yo pou kisa matematik travay epi pou mande elèv yo pou yo pale sou sa yo konprann ak pwouve sa y konprann nan. Ou kapab jwenn yon zouti pou paran yo pou konprann 'varyasyon' yo sou sitwèb [http://www.engageny.org/sites/default/files/resource/attachments/parent\\_workshop\\_backpack\\_guide.pdf](http://www.engageny.org/sites/default/files/resource/attachments/parent_workshop_backpack_guide.pdf).

**Least restrictive environment/Anviwònman mwen restriktif** vle di plasman elèv ki gen andikap yo nan klas espesyal, lekòl apa oswa lòt deplasman nan anviwònman ansèymanèl jeneral fèt sèlman lè andikap la tèlman grav, sa lakòz menm avèk itilizasyon èd ak sèvis siplemantè, ansèyman an pa kapab bay avèk satisfaksyon. Plasman yon elèv ki gen andikap apa nan yon anviwònman ki gen mwens restriksyon dwe (1) bay ansèyman espesyal elèv la bezwen; (2) prevwa ansèyman elèv la nan limit maksimòm ki apwopriye pou bezwen elèv la avèk lòt elèv ki pa gen andikap; epi (3) pre otank posib avèk kay elèv la. Yo pa dwe retire yon elèv ki gen andikap nan ansèyman nan salklas regilye ki apwopriye pou laj ki sèlman akòz modifikasyon ki nesèsè nan pwogram akademik ansèyman jeneral.

**Modification/Modifikasyon** vle di te gen yon chanjman nan kontni pwogram akademik oswa nan sa y ap teste a. Modifikasyon deziyen pou elèv ki gen andikap ki pa kapab konprann tout matyè yon enstwiktè ap anseye. Chanjman sa y ap anseye a (pa egzanp, itilizasyon lòt kalite pwogram akademik ekri nan yon nivo ki pi ba) kapab limite elèv la nan satisfè nòm aprantisaj Eta a, ki kapab gen yon konsekans sou si l ap kite lekòl la avèk yon diplòm regilye. Li apwopriye pou bay elèv yo modifikasyon ak/oswa adaptasyon pou sipòte aprantisaj la si se sa elèv la bezwen apa pou li fè pwogrè nan pwogram akademik lan.

**Progress monitoring/Kontwòl pwogrè** se metòd pou evalye pèfòmans akademik ak konpòtmantral yon elèv souvan pou yo kapab evalye efikasite ansèyman an ak sipò yo. Yo kapab aplike kontwòl pwogrè a avèk elèv yo apa oswa avèk yon klas nèt.

**Specially designed instruction/Ansèyman ki desizyon espesyalman** vle di adaptasyon, jan li apwopriye pou bezwen yon elèv andikape ki kalifye, kontni, metodoloji oswa livrezon ansèyman pou satisfè bezwen inik akòz andikap elèv la; epitou pou asire elèv la kapab satisfè nòm ansèyman ki aplike pou tout elèv yo.

**Scaffolding/Sipò estriktirèl** vle di sipò pwofesè yo devlope nan planifikasyon leson yo pou bay elèv yo nan metòd aprantisaj la (pa egzanp, prezantasyon repons kòrèk, itilizasyon imaj, ede elèv yo konekte sa yo konnen deja avèk nouvo enfòmasyon y ap anseye a).

**Universal Design for Learning (UDL)/Plan Inivèsèl pou Aprantisaj** vle di planifye yon leson pou bay tout elèv yo posiblite egale pou yo aprann. Nan salklas UDL yo, pa egzanp, yo enfòmasyon ak kontni an nan diferan fason; elèv yo gen pèmasyon pou eksprime sa yo konnen nan diferan fason yo; epitou yo ankouraje enterè ak motivasyon elèv yo nan diferan fason. Lè ansèyman an 'deziyen sou plan inivèsèl', chanjman apre yo ki fèt nan pwogram akademik lan ak ansèyman an pou satisfè bezwen elèv yo apa pa nesèsè souvan.

**KESYON POU POZE NAN REYINYON KOMITE POU  
ANSÈYMAN ESPESYAL**

1. Ki pwogrè pitit mwen te fè pou satisfè nòm nan?
2. Kisa pitit mwen kapab fè nan moman an epi avèk kisa l ap debat?
3. Kisa ki anpeche pitit mwen aprann/vin gen konesans/ladrès nivo klas li?
4. Kisa yo mande pitit mwen pou li konnen ak kapab fè pou satisfè nòm nivo klas li nan ane k ap vini an?
5. Ki adaptasyon ak/oswa modifikasyon pitit mwen pral bezwen, si genyen:
  - ✓ Nan kisa yo anseye nan matyè debaz yo (kontni)?
  - ✓ Y ap anseye li (metòd ansèyman)?
  - ✓ Materyèl ansèyman (tankou liv lekòl)?
  - ✓ Anviwònman fizik nan salklas la?
  - ✓ Kijan y ap evalye aprantisaj li (pa egzanz adaptasyon pou egzamen yo)?
6. Lè mwen konsidere sèvis ansèyman espesyal pitit mwen pral resevwa a, kimoun ki pral responsab pou aplike chak nan sipò ak adaptasyon yo? Ki pwofesè (pa egzanz, sal resous, pwofesè konsiltan, pwofesè ansèyman jeneral) mwen kapab espere k ap konsantre sou ki objektif?

**Kèk Ti Konsèy ak Atant**

- ✓ *Menmsi pwogram ansèyman endividyèl (IEP) dwe idantifye ansèyman yo deziyen sitou pou pitit ou resevwa, yo dwe devlope avèk konsiderasyon dirèk nòm nivo klas pitit ou ap bezwen satisfè nan ane k ap vini an epi li yo dwe bay li nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an.*
- ✓ *Espere IEP a pral idantifye objektif anyèl ki la pou satisfè bezwen pitit ou akòz andikap pitit ou pou pèmèt pitit ou patisipe epi fè pwogrè nan pwogram akademik ansèyman jeneral. Objektif yo pa ta dwe yon repetisyon pwogram akademik ansèyman jeneral.*
- ✓ *Vin abitye avèk IEP pitit ou. Yo te dwe ba ou yon kopi IEP. Si ou pa gen yon kopi IEP a oswa si ou pa konprann enfòmasyon ki ekri nan IEP a, mande pwofesè pitit ou.*
- ✓ *Konpare pwogrè pitit ou avèk objektif IEP a. Si pitit ou pa fè pwogrè yo mande li yo, mande pou gen yon reyinyon avèk pwofesè pitit ou oswa avèk Komite pou Ansèyman Espesyal la pou evalye IEP a, epi si li apwopriye, pou revize li tou.*
- ✓ *Si ou pa konprann tèm yo itilize nan reyinyon IEP a, mande eklèsisman.*
- ✓ *Si ou se paran yon timoun andikape ki nan lekòl pre-matènèl, mande kijan sèvis ansèyman espesyal pitit ou pral resevwa a ap annamoni avèk Klas Pre-Matènèl pou Nòm Aprantisaj Debaz Komen yo.*

## LÈ W AP PALE AVÈK PWOSESÈ PITIT OU

1. Kijan pitit mwen ap travay parapò avèk lòt elèv ki nan klas la pou satisfè nòm nivo klas li ane sa a nan Lang ak Literati Anglè ak matematik?
2. Kijan ou kontwole pwogrè pitit mwen fè pou satisfè nòm sa yo pou nivo klas la?
3. Nan ki domèn aprantisaj pitit mwen montre li gen pwèn fò?
4. Si pitit mwen pa travay byen jan yo egzije li, kisa defi yo ye?
5. Ki lòt sipò, adaptasyon, ak/oswa ansèyman pitit ou pral oswa kapab resevwa pou ede li nan matyè sa yo?
6. Ki estrateji ansèyman ak aprantisaj y ap itilize kounye a nan salklas la pou ede pitit mwen satisfè nòm nivo klas la epi avèk kisa yo sanble?
7. Konbyen fwa ou rankontre avèk lòt pwofesè pitit ou (tankou pwononsyasyon ak langaj, sal resous, pwofesè konsiltan, elatriye) pou diskite sou pwogrè pitit mwen pou satisfè nòm yo?
8. Kisa mwen kapab fè pou sipòte pitit mwen nan aprann Lang ak Literati Anglè ak matematik lakay mwen?

### Kèk Ti Konsèy ak Atant

- ✓ *Kominike avèk pwofesè pitit ou.*
- ✓ *Lè w ap rankontre avèk pwofesè (yo) pitit ou, pote pwogram ansèyman endividyèl (IEP) la epi itilize li kòm yon gid pou diskisyon sou pwogrè pitit ou ap fè pou reyalize objektif anyèl yo epi pou li satisfè nòm nivo klas la.*
- ✓ *Espere pwofesè ansèyman espesyal pitit ou, founisè sèvis apwopriye ak pwofesè klas regilye yo konnen ki sipò pitit ou bezwen epi pou yo rankontre ak travay ansanm pou aplike IEP pitit ou.*
- ✓ *Espere pwofesè pitit ou kapab eksplike ou diferan estrateji ansèyman an, sipò ak adaptasyon oswa modifikasyon pitit ou resevwa nan salklas la pou aprann pwogram akademik lan.*
- ✓ *Espere resevwa rapò chak peryòd pou pwogrè pitit ou fè pou reyalize objektif anyèl IEP a ki gen ladan enfòmasyon sou fason l ap fè pwogrè nan pwogram akademik ansèyman jeneral (menm pwogram akademik yo anseye pou tout elèv yo).*